**दिन—रविवार** **दिनांक—10.11.2024**

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

प्रदेशक चारि विधानसभा सीट—बेलागंज, इमामगंज, तरारी आ रामगढ़ उपचुनावक लेल राजनीतिक दल सभक प्रचार अभियान चरम पर अछि। काल्हि सांझ चारि बजे चारू निर्वाचन क्षेत्र मे चुनाव प्रचार के काज समाप्त भऽ जायत। मतदान तेरह नवंबर के होयत। जखनकि, मतगणना तेईस नवंबर के होयत। जदयूक राष्ट्रीय अध्यक्ष आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार सहित एनडीए के सभ घटक दल भाजपा, जदयू, हिन्दुस्तानी आवाम मोर्चा के नेता अपन—अपन प्रत्याशी लोकनिक जीत सुनिश्चित करबाक लेल लगातार चुनाव प्रचार कऽ रहल छथि। ओतहि, इंडी गठबंधनक दिस सँ सेहो राजद, कांग्रेस आ वाम दल के नेता लोकनि चुनाव प्रचार मे लागल छथि।

---

पांच चरण मे छब्बीस नवंबर सँ होबऽबला पैक्स चुनावक लेल काल्हि सँ नामांकन के प्रक्रिया शुरू भऽ जायत। चुनाव मे पैक्स अध्यक्ष सहित बारह विभिन्न पद सभक लेल भोट खसाओल जायत। एहि बेर पैक्स के चुनाव मे एक करोड़ सँ बेसी मतदाता अपन मताधिकारक प्रयोग कऽ सकताह।

---

महिला एशियाई हॉकी चैंपियंस ट्रॉफी —दू हजार चौबीस काल्हि सँ राजगीर मे शुरू होयत। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार काल्हि सांझ एहि अंतर्राष्ट्रीय खेल आयोजनक उद्घाटन करताह। जाहि मे भारत सहित छओ देशक टीम भाग लऽ रहल अछि। ई प्रतियोगिता बीस नवंबर के समाप्त होयत। सभ मैच राजगीर स्थित खेल परिसर के नवनिर्मित हॉकी स्टेडियम मे खेलल जायत। एहि आयोजन मे भाग लेबाक लेल भारत, चीन, जापान, मलेशिया, थाईलैंड आ कोरिया के टीम बोधगया पहुँचि चुकल अछि। उद्घाटन मैच काल्हि दूपहर सवा बारह बजे जापान आ कोरिया के मध्य खेलल जायत। एम्हर, दुधिया रोशनी मे कीड़ा—मकोड़ा के प्रकोप हेबाक कारण आयोजक मैच के समय मे परिवर्तन कयलनि अछि। आब मैच सांझ सँ

पहिनहि पूरा कऽ लेल जायत। बिहार मे एहि तरहक अंतर्राष्ट्रीय प्रतियोगिताक अयोजन पहिल बेर भऽ रहल अछि।

———————————————————————

एम्हर, बिहार राज्य खेल प्राधिकरणक महानिदेशक रविंद्रन शंकरण आकाशवाणी सँ वार्ता करैत कहलनि जे एहि अंतर्राष्ट्रीय महिला हॉकी खेलक आयोजन के लेल तैयारी पूरा कऽ लेल गेल अछि। श्री शंकरण कहलनि जे राजगीर स्टेडियम मे उपलब्ध सुविधा सभ सँ सभ खेलाड़ी संतुष्ट छथि। ओ कहलनि जे चैंपियंस ट्रॉफी के आयोजन सँ बिहार मे खेलक क्षेत्र मे क्रांति आओत।

———————————————————————

अगिला तेरह नवंबर के दरभंगा मे एम्स निर्माण हेतु प्रधानमंत्री नेरन्द्र मोदी द्वारा शिलान्यास आ जनसभा कार्यक्रम के लऽकऽ तैयारी जोर–शोर सँ चलि रहल अछि। स्वास्थ्य मंत्री मंगल पांडेय एहि के लऽकऽ आइ दरभंगा मे एक प्रेस कॉफ्रेंस कयलनि। ओ कहलनि जे ई एतिहासिक डेग उत्तर बिहार के स्वास्थ्य सेवा के क्षेत्र मे एक नव गति देत।

———————————————————————

एकर संगहि, मिथिलांचलवासी लोकनि के एक आओर उपहार भेटत। दरभंगा मे तेरहे नवंबर के प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी झंझारपुर–लोकहा रेलखंडक उद्‌घाटन करताह। एकर संगहि, झंझारपुर–लोकहा रेलखंड पर तेरह नंवबर सँ रेल सेवा शुरू भऽ जायत। श्री मोदी एहि अवसर पर दरभंगा सँ पैसेंजर ट्रेन के हरियर झंडी देखाकऽ विदा करताह।

———————————————————————

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आइ स्वस्छ भारतक अंतर्गत विशेष अभियानक चारिम संस्करणक सराहना कयलनि। एहि विशेष अभियान सँ सरकारी खजाना के वर्ष दू हजार एकैसक बाद सँ कचरा बेचबा सँ दू हजार तीन सय चौसठि करोड़ टाकाक राजस्व प्राप्त भेल अछि। श्री मोदी एक पोस्ट मे कहलनि जे अभियानक सफलता सँ ई देखल जा सकैत अछि जे सामूहिक प्रयास सँ ठोस परिणाम प्राप्त कयल जा सकैत अछि।

———————————————————————

कार्तिक मासक शुक्ल पक्ष के नवमी तिथि के मनाओल जायबला अक्षय नवमी के पावनि आइ मिथिलांचल सहित पूरा प्रदेश मे पारंपरिक श्रद्धा आ उत्साह के संग मनाओल जा

रहल अछि। आजुक दिन लोक सभ धातृ गाछक पूजा करैत छथि आ परिवारक सुख–शांति आ समृद्धिक कामना करैत छथि। हमर संवाददाता लोकनि जनौलनि अछि जे विभिन्न क्षेत्र सभ मे अक्षय नवमी पावनि के लऽकऽ विशेष उत्साह अछि। एहि पावनि मे लोकसभ धातृ गाछक नीचा खेनाय बनबैत छथि आ भोजन ग्रहण करैत छथि। आजुक दिन दान–पुण्य करबाक सेहो परम्परा अछि।

———————————————————————

राजधानी पटना सहित प्रदेशक बेसीतर भाग मे भोर आ सांझ मे हल्का ठंडा के अनुभव भऽ रहल अछि। मौसम विभागक अनुसार पछुआ हवा के प्रभाव सँ पछिला चौबीस घंटा मे प्रदेशक बेसीतर भाग मे उच्चतम आ न्यूनतम तापमान मे किछु कमी दर्ज कयल गेल अछि। मौसम विभाग कहलक अछि जे चौदह नवंबर के बाद प्रदेशक मौसम मे विशेष परिवर्तन भऽ सकैत अछि।

———————————————————————

पटना मे आइ स्वर्णिम मिथिला संस्थान द्वारा ग्लोबल बिहार वाणिज्य समुद्री शिखर सम्मलेन दू हजार चौबीसक आयोजन कयल गेल। एकर उद्घाटन पूर्व केन्द्रीय मंत्री सी.पी ठाकुर कयलनि। कार्यक्रम आयोजक अभिनव नारायण झा कहलनि जे एकर मुख्य उद्देश्य स्वाथ्य, शिक्षा, सामुद्रीक वाणिज्य सहित भिन्न–भिन्न क्षेत्र सभ मे एनआरआइ लोक सभ के जोड़ब अछि।

———————————————————————

मधुबनी जिलाक जयनगर थाना क्षेत्र अंतर्गत बाईक सवार तीन अपराधी सभ दिन–देखाड़े एक व्यक्ति के गोली मारि कऽ घायल कऽ देलक।

मधेपुरा जिलाक मरलीगंज थाना अंतर्गत प्रसादी चौक के लऽग ट्रैक्टर आ ई–रिक्शा के टक्कर मे एक व्यक्ति के मृत्यु भऽ गेलनि। जखन कि चारि आन गोटा गंभीर रूप सँ घायल भऽ गेलाह।

———————————————————————

समाप्त